

Bilan Akademi Kreyòl Ayisyen
4 Desanm 2014 – 4 Desanm 2019
REZIME

ENTWODIKSYON

Sena Repiblik la, (10 desanm 2012), ak Chanm Depite a, (23 avril 2013), vote Lwa Kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an epi Palman an voye l bay Egzekitif la. Pouvwa Egzekitif la mande pou Lwa a vote nan lang franse tou. Palman an kenbe tèt: Se vèsyon kreyòl la li deside vote pou mete Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) an sou pye. Tan ap pase... Antretan, diskisyon pete ant Pouvwa Egzekitif la ak Opozisyon Politik la sou divès pwèn. Aktè Politik yo jwenn yon konpwomi. Yonn nan egzijans Opozisyon an fè, se pou Egzekitif la pibliye tout lwa Palman an te soumèt li yo. Choz di, choz fèt. Piblikasyon Lwa Kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an pase atravè may konpwomi politik la. Pou listwa, n ap fè konnen Lwa Akademi Kreyòl Ayisyen an ekri nan lang franse ak nan lang kreyòl, men Palman an chwazi vote vèsyon kreyòl la. Kreyasyon AKA se yon egzijans konstitisyonèl (Atik 2013).

Prezidan Michel Joseph MARTELLY siyen Lwa kreyasyon Akademi an nan dat 20 mas 2014. Jounal ofisyèl Repiblik la, « *Le Moniteur* », pibliye li lendi 7 avril 2014¹. Jou seremoni enstalasyon 33 premye Akademisyen yo, 4 desanm 2014 Prezidan peyi a pate prezan. Responsab yo te oblije lanse seremoni an prezans Minis ki te la yo anba otorite Rektora Inivèsite Leta a.

Rapèl evènman sa yo siyifikatif pou moun konprann kontèks prezantasyon RAPÒ BILAN senk (5) premye ane fonksyonman Akademi an. Anlajan, AKA fè fas kare ak difikilte sou difikilte. Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) gen yon travay an pwofondè pou li fè nan lespri popilasyon an. Travay la se pote sosyete a aksepte lang Kreyòl kòm yon lang total kapital, kòm premye zouti kominikasyon li.

Depi nan premye Asanble Jeneral Akademisyen an, apre enstalasyon yo, Konsèy la reyini pou li fikse priyorite Akademi an pou 5 premye ane yo (2014-2019):

**« TRAVAY POU SANSIBILIZASYON EPI PWOMOSYON LANG KREYÒL
AK DWA LENGWISTIK TOUT AYISYEN ! ».**

¹ Nou ka konsilte Lwa kreyasyon Akademi an sou sit Akademi an : www.akademikreyòl.net

DEVELÒPMAN

RAPÒ BILAN senk (5) premye ane fonksyònman enstitisyon an pral detaye:

- 1) Demach ak aktivite AKA reyalize pou li rive atenn objektif li ;
- 2) Rezilta li jwenn sou teren an;
- 3) Difikilte li kontre oswa li rive janbe pandan senk (5) premye ane yo, soti Desanm 2014 rive Desanm 2019.

Akademi Kreyòl Ayisyen kòmanse fonksyone nan yon kontèks sosyopolitik latwoublay, nan yon rapò konfizyon avèk Pouvwa Egzekitif la, avèk yon bidjè fèb: katòz milyon desan tranteyen mil san katrevendiznèf goud ak katrevensèz santim (14 231, 199. 96).

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) se yon enstitisyon Leta ki endepandan. Prensipal misyon Konstitisyon peyi a ba li, se travay pou pèmèt devlopman lang kreyòl ayisyen an nan lòd ak nan disiplin selon prensip lasyans. Bidjè fonksyònman Akademi an sou kont Leta ayisyen, menm lè li gen dwa jwenn lòt sipò finansye.

AKA fonksyone avèk plizyè antite administratif oswa akademik. Li gen nan tèt li yon **Konsèy Akademisyen (KA)** ki pou defini politik jeneral enstitisyon an. Se nan eleksyon Akademisyen yo chwazi Manm **Konsèy Administrasyon (KAd)** an ki gen sèt (7) manm. KAd la sou tèt **Sekretarya Egzekitif** Akademi an, li la pou li kontwole travay Sekretarya Egzekitif la. Bò kote Akademisyen yo, gen yon **Konsèy konsiltatif** ki pou pote dizon li sou sèten dosye ki nan etid nan Akademi an selon esperyans ak konpetans manm yo. Se Prezidan Akademi an ki jwe wòl Òdonatè enstitisyon an; se li oswa Vis Prezidan an, ki siyen tout rekizisyon, angajman, korespondans pou Akademi an ak kolaborasyon Sekretè Egzekitif la.

RAPÒ BILAN sa a prezante travay ak reyalizasyon prensipal ògàn yo ki fòme Akademi Kreyòl Ayisyen an.

I.- Misyon ak reyalizasyon Konsèy Akademisyen an

Selon Lwa Kreyasyon Akademi an, Konsèy Akademisyen an se pi gwo otorite Akademi Kreyòl Ayisyen an. Nan dat 4 Desanm 2014, Komite Seleksyon Akademisyen yo prezante bay popilasyon an trantwa (33) premye Akademisyen yo ki soti nan divès enstitisyon nan peyi a. Nan ane 2018, AKA fè rekritman sis (6) nouvo Akademisyen ki vin bay 39 manm. Men, AKA pèdi twa (3) Akademisyen. N ap jwenn sou sit wèb Akademisanan, lis non Akademisyen yo ak enstitisyon ki delege yo nan Akademi an.

Akademisyen yo reyini nan asanble jeneral de (2) fwa chak ane pou yo fikse gran oryantasyon enstitisyon an epi, pou yo valide gran pwojè li yo. Selon konpetans ak esperyans yo, Akademisyen yo travay tou nan komisyon teknik, sou divès dosye. Akademisyen yo pa gen salè ; yo resevwa prim patisipasyon pou rankont travay yo fè nan Konsèy Administrasyon an, pou patisipasyon yo nan Asanble jeneral ak nan atelye teknik yo.

1- Asanble Jeneral Akademisyen (2014 -2019)

Akademisyen yo reyalize yon *Asanble Jeneral òdinè* nan mwa desanm ak yon *Asanble jeneral estwòdinè*, nan mwa jen oswa jiyè. Konsa Konsèy Akademisyen an reyalize nèf (9) asanble jeneral pou senk premye ane yo.

Nan Premye Asanble Jeneral òdinè a, Akademisyen yo te reyini nan lokal Rektora Inivèsite Leta a jou vandredi 5 Desanm 2014 la, tousuit apre enstalasyon an. 31 Akademisyen sou 33 te prezan, Akademisyen yo te fè *Evalyasyon seremoni enstalasyon* kote yo te deplore absans Chèf Leta a epi yo fè Eleksyon sèt (7) premye manm Konsèy Administrasyon an.

An jeneral, nan asanble yo, Akademisyen yo diskite sou pwoblèm Akademi an, sou pwogram aktivite Akademi an, sou jesyon konfli entèn, sou difikilte enstitisyon an kontre epi yo vote rezolisyon pou rezoud pwoblèn yo. Akademisyen yo travay an atelye pou bay oryantasyon pou travay komisyon teknik yo ak preparasyon dokiman kad pou Règleman entèn ak Plan estrateji Akademi an.

- An jeneral, nan asanble òdinè yo, Konsèy Akademisyen an reyalize:
 - *Eleksyon Konsèy Administrasyon AKA;*
 - *Evalyasyon bilan travay Konsèy Administrasyon an (bilan yon lane);*
 - *Evalyasyon bilan travay Sekretarya Egzekitif la (bilan yon lane);*
 - *Validasyon bidjè, pwogram aktivite ak pwojè Akademi an;*
 - *Pwopozisyon ak rekòmandasyon sou pwogram ak pwojè ane a.*
- Nan Asanble jeneral estwòdinè yo, Konsèy Akademisyen an rive vote :
 - *Dokiman referans pou reglemante travay Komisyon yo (Jen 2015)*
 - *Admisyon Konsèy konsiltatif 12 manm ak 6 nouvo Akademisyen (Jen 2016) ;*
 - *Premye rezolisyon sou òtograf lang kreyòl la (Jen 2017) ;*
 - *Regleman entèn Akademi an², 136 Atik (Jen 2018, Jen 2019) ;*
 - *Pwosedi pou Plan estrateji Akademi Kreyòl Ayisyen (Desanm 2018 –Jen 2019)*

² Nou ka konsilte dokiman Regleman entèn nan sou sit Akademi an : www.akademikreyol.net

Asanble Jeneral Akademisyen yo egzije pou yo gen yon kowòm (2/3 Akademisyen yo). Pou Asanble a pran yon desizyon, li dwe vote. Se majorite Akademisyen ki prezan nan asanble a ki pou dakò yon desizyon (50%+1) pou li pase. Pwosèyèbal la note kantite manm ki vote desizyon an.

2- Espas Refleksyon Akademisyen

Espas Refleksyon Akademisyen se yon Fowòm diskisyon ki ede akademi an chofe anbyans deba nan lavi enstitisyon an. Se yon lide ki vle kreye yon koulwa deba nan mitan Akademisyen yo sou yon seri pwoblematik ki makònen ak lang ak kilti kreyòl la. Espas refleksyon sa a, se yon teren pou brase lide ak akouche pwopozisyon klè sou diferan pwoblèm lang kreyòl la ap rankontre nan lavi popilasyon an.

Espas sa a la pou li alimante diskisyon teyorik sou kesyon lang kreyòl ayisyen an. Lòt objektif li genyen, se rive jwenn kèk lide ak pwopozisyon pou defini yon estrateji byen tawode sou elaborasyon politik piblik, sou amenajman lang kreyòl la nan sèvis piblik Leta ayisyen. Se yon fason pou nou di, se yon alevini, refleksyon-pratik nan yon pèspektiv pou pote sèvis Leta yo bay popilasyon an, sèvis nan lang kreyòl la ki se lang tout Ayisyen.

Sekretarya Egzekitif la òganize de (2) « Espas Refleksyon Akademisyen »

- Espas Refleksyon Akademisyen sou dokiman « **Plan Décennal d'Éducation et de Formation 2017-2027** », ki te fèt jou ki te 25 Me 2018. Apre deba, Akademisyen yo pwodui yon dokiman ki fikse pozisyon AKA sou pwojè Plan desenal la.³

- Espas Refleksyon Akademisyen Sou : **Kominike Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl te pran pou yo te elimine Lang Kreyòl nan Egzamen Ofisyèl yo**, ki te fèt jou 11 janvyè 2019. Sou rekòmandasyon Akademi Kreyòl Ayisyen, Minis Pierre Josué Agénor Cadet te retounen sou desizyon sa a nan dat 22 janvyè 2019 kote li soti yon lòt kominike pou li reyentegre Kominikasyon kreyòl nan egzamen ofisyèl Nouvo Segondè IV.⁴

- Gen yon 3^{èm} Espas Refleksyon Akademisyen sou tèm : **Konstriksyon Vizyon AKA sou Edikasyon an Ayiti** an preparasyon pou mwa Mas 2020.

³ Dokiman « Pozisyon AKA sou Plan desenal Edikasyon 2-17-2029 la sa a nan bibliyotèk AKA ak sou sit wèb AKA.

⁴ Agimantè Akademisyen pou reyentegrasyon Kominikasyon kreyòl nan Egzamen ofisyèl la, sou sit wèb AKA.

3- Reyalizasyon Akademisyen nan Komisyon teknik yo

Akademisyen yo travay nan plizyè komisyon teknik selon konpetans yo ak esperyans yo.

Konsa AKA gen **senk (5) komisyon pèmanan ak de (2) komisyon pwovizwa:**

Senk (5) komisyon pèmanan

- Komisyon syantifik;
- Komisyon finans ak bidjè;
- Komisyon kominikasyon ak relasyon piblik;
- Komisyon Kilti ak Literati;
- Komisyon Edikasyon.

De (2) komisyon pwovizwa

- Komisyon Règleman entèn;
- Komisyon Plan Estrateji;

Komisyon yo reyini chak 2 mwa, pafwa pi souvan selon bezwen yo. Yo reyalize plizyè dokiman referans pandan yo gen plizyè lòt ki nan kouti. Lis reyalizasyon Komisyon yo deja detaye nan paj 3 ki pale sou reyalizasyon Konsèy Akademisyen an.

II. Misyon ak reyalizasyon Konsèy Administrasyon Akademi an

Konsèy Administrasyon Akademi an gen sèt (7) manm. Akademisyen ki nan Konsèy la soti nan eleksyon ki fèt chak de (2) lane. Konsèy Administrasyon an reprezante Konsèy Akademisyen an bò kote Sekretarya Egzekitif la. Prensipal misyon li, se akonpaye Sekretè egzekitif la nan egzekisyon plan travay akademi an, dapre oryantasyon ki soti nan asanble ak nan Konsèy Akademisyen an. Konsèy Administrasyon an reyini an jeneral chak semenn. Lè sa nesèsè, KAd la envite Sekretè Egzekitif la patisipe nan rankont yo pou li reponn kesyon manm yo genyen sou kijan enstitisyon an ap mache, oswa pou li resevwa rekòmandasyon KAd la pou vansman dosye administratif yo.

1- Diferan Konsèy Administrasyon (KAd)

- KAd 2014-2016: Jean Pauris JEAN BAPTISTE, Prezidan; Rogéda Dorcé DORCIL, Vis Prezidan; Marky JEAN-PIERRE, Sekretè Jeneral; ak kat (4) manm: Michel Frédéric DEGRAFF, Rodny L. ESTEUS, Pierre Michel CHERY, Marie Jocelyne TROUILLOT.
- KAd 2016-2018 : Jean Pauris JEAN BAPTISTE, Prezidan; Rodny L. ESTEUS, Vis Prezidan; Pierre Michel CHERY, Sekretè Jeneral; ak kat (4) manm : Monseyè Pierre-André PIERRE, Adeline M. CHANCY, Gérard Marie TARDIEU, Michel-Ange HYPPOLITE.

- KAd 2018-2020 : Monseyè Pierre-André PIERRE, Prezidan; Pè Michel Frantz GRANDOIT, Vis Prezidan; Guy-Gérald MENARD, Sekretè Jeneral; ak kat (4) manm : Rosilia F. CORNEILLE, Marie Jocelyne TROUILLOT, Emmanuel BAZILE, Michel-Ange HYPPOLITE.

2- Rankont Konsèy Administrasyon AKA

KAd la ta dwe reyini chak twa mwa selon Lwa Akademi an, men se prèske chak semenn li reyini kote li pwograme plizyè pwèn.

Nan chak rankont, KAd la pwograme plizyè pwèn, men pwèn ki parèt pi souvan yo. se :

- *Rapò Sekretè egzekitif la sou fonksyònman biwo a ;*
- *Tretman korespondans AKA resevwa oswa li ap ekri;*
- *Validasyon dosye, pwojè, aktivite ak rekritman anplwaye pou Sekretarya egzekitif ;*
- *Validasyon pwogram Asanble Jeneral la, Pwogram atelye komisyon teknik yo;*
- *Vizit enstitisyon ki mande rankontre KAd la / Validasyon patenarya ak pwotokòl.*

Nan rankont yo, KAd la pran desizyon sou baz vòt majorite manm li yo, (kat (4) manm sou sèt (7) pou piti). Si nan rankont KAd la gen mwens pase kat manm ki prezan, manm yo ka reyini pou yo brase lide men yo pa ka pran desizyon. Nan rankont KAd la, Sekretè jeneral la pran nòt epi li prepare yon rapò pou li voye bay Konsèy Akademisyen an.

Se nan rapò KAd la, Akademisyen yo jwenn enfòmasyon sou travay ki reyalize ak difikilte ki genyen nan Akademi an. Konsa tou, Akademisyen yo okouran demach ofisyèl KAd la ap fè nan non Akademi an. Rapò rankont yo pèmèt Akademisyen yo reyaji sou fonksyònman KAd la ak Sekretarya Egzekitif la. Nan rankont KAd la, manm yo bay dizon yo sou dosye, pwojè ak aktivite Akademi an, epi yo pase kandida antrevi pou pòs nan AKA. Pou chak pòs kle yo, se devan yon jiri ki gen manm KAd la avèk Sekretè Egzekitif la (pafwa Direktè teknik nan AKA) kandida yo pase antrevi. Se yon konsansis ki fèt nan mitan jiri a ki deside chwa kandida AKA ap angaje kòm anplwaye.

III.- Misyon ak reyalizasyon Konsèy Konsiltatif AKA

Dapre Lwa kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an, Konsèy Konsiltatif la se youn nan kat (4) ògàn Akademi an. Li la pou li konseye Konsèy Administrasyon an ansanm ak Konsèy Akademisyen an sou plan teknik nan tretman dosye administratif oswa espesifik selon domèn espètiz yo. Se nan atelye komisyon teknik akademisyen yo, Konsèy Konsiltatif la plis travay.

Demach rekritman pou Premye Manm Konsèy konsiltatif Akademi an te koumanse nan mwa desanm 2016, sou baz yon Gid⁵ Konsèy Administrasyon Akademi an te prepare epi ki te resevwa validasyon Akademisyen yo. Se yon dokiman referans pou rekritman Konsèy Konsiltatif ki sèvi gid pou pwosesis rekritman an. Se nan okazyon selebrasyon Jounen Entènasyonal Lang matènèl, jou 21 fevriye 2018, Konsèy Administrasyon Akademi an te enstale douz (12) premye Manm Konsèy Konsiltatif la.⁶ pou de (2) lane 2018 – 2020. Sou baz Akademi an te gen anpil dosye sou edikasyon li ap trete, pifò konseye yo se pwofesè, edikatè.

Konseye Konsiltatif yo travay sitou bò kote Akademisyen yo nan Komisyon Edikasyon, nan Komisyon Syantifik ak nan « *Espas Refleksyon Akademisyen* » kote yo bay dizon yo sou plizyè dosye : *Plan Décennal d'Éducation et de Formation 2017-2027 / Kominike Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl te pran pou li elimine Lang Kreyòl nan Egzamen Ofisyèl Nouvo Segondè / Rezolisyon sou òtograf lang kreyòl ayisyen an.*

IV- Misyon ak reyalizasyon AKA

Chak ane, Sekretarya Egzekitif la prepare yon pwogram aktivite ki gen validasyon KAd la. Sekretarya Egzekitif AKA reyalize pwogram aktivite a ak kolaborasyon manm Direksyon yo nan AKA, ak kontribisyon Akademisyen yo, epi li prezante bay Akademisyen yo rapò travahy Sekretarya Egzekitif la pou chak lane nan okazyon Asanble Jeneral òdinè ki fèt nan mwa desanm.

1- Aktivite Akademi Kreyòl Ayisyen reyalize

Pou AKA reyalize objektif li fikse bay tèt li pou senk (5) premye ane yo « *Travay ansibilizasyon epi pwomosyon lang kreyòl ak dwa lengwistik tout Ayisyen* », li òganize yon kanpay sansibilizasyon kote li vizite plizyè Ministè, Palman Repiblik la, Achiv Nasyonal...li òganize plizyè konferans deba nan anpil lekòl ak nan Inivèsite Leta tankou Inivèsite prive; li patisipe nan anpil emisyon sou radyo ak nan televizyon; epi li òganize yon Karavàn AKA ki vizite plizyè vil nan plizyè depatman peyi a ak nan Dyaspora a kote gen gwo kominote Ayisyen⁷.

⁵ Dokiman referans pou rekritman Konsèy konsiltatif la sou sit wèb akademi an : www.akademikreyol.net

⁶ Lis Manm Konsèy Konsiltatif la sou sit wèb akademi an : www.akademikreyol.net

Nan mwa out 2015, AKA te òganize yon Konkou nasyonal pou onore meyè korespondan radyo an kreyòl. Se Jounalis Robenson Henry, Radyo Kiskeya ki te resevwa premye pri a. Nan mwa jiyè 2016 AKA te òganize yon Konkou logo, se Mesye Pierre André Gilles ki te resevwa premye pri a, se li ki reyalize logo Akademi Kreyòl Ayisyen an.

Chak ane, AKA reyalize yon mwa aktivite nan okazyon selebrasyon Jounen entènasyonal Lang matènèl (21 fevriye) ak nan okazyon selebrasyon Jounen entènasyonal Lang ak Kilti kreyòl (28 oktòb). Nan okazyon an, AKA reyalize yon mwa aktivite fowl nan Pòtoprens tankou nan pwovens. Se nan Pòtoprens AKA reyalize seremoni ofisyèl lansman mwa a ak konkou Ministè Kilti ak Kominikasyon kote li onore pèsonalite ki make lang kreyòl la. Men, se nan yon vil pwovens AKA pran abitud reyalize seremoni kloti mwa a ak sipò UNESCO.

Nan vil pwovens kote AKA pase, li reyalize:

- Konferans deba nan Inivèste Leta Ayiti, Inivèsite Piblik Rejyonal, nan lekòl, nan Òganizasyon sosyal, nan CLAC⁸ yo kote li reyalize yon espozisyon liv kreyòl;
- Emisyon nan radyo lokal ak nan radyo kominote yo;
- Rankont ak otorite lokal yo Lameri, chèf legliz, Lapolis ak notab nan zòn yo kote li distribiye dokiman Akademi an pibliye⁹.
- Fòmasyon pou jounalis ak pwofesè kreyòl
- Seremoni ofisyèl Selebrasyon Jounen entènasyonal la pou klotire mwa aktivite a.

Nan chak departman kote AKA pase, li fòme yon komite rejyonal ki pou òganize semèn aktivite a. Komite rejyonal sa a reprezante AKA nan kominote a, se pwolonjman AKA nan rejyon an kote manm yo sèvi AKA relè pou tout kominikasyon. Se nan okazyon selebrasyon Lang matènèl nan Gonayiv 2016, Lameri Gonayiv fè Akademi an kado yon teren nan Mòn Blan - de (2) kawo - pou li konstwui kanpis Akademi an.

Tout aktivite yo dewoule anba yon tèm ki soti nan Akademi an pou chak okazyon. Nan seremoni woumble kiltirèl pou li klotire mwa selebrasyon an, AKA jwenn konkou tout kominote a. Se elèv, etidyan, atis ak atizan kominote a ki prepare seremoni ofisyèl sa a kote otorite lokal yo (Majistra, Direktè departmantal, Prezidan Komite rejyonal AKA) pran lapawòl bò kote Akademisyen yo.

⁸ CLAC, Centre de Lecture et d'Animation Culturelle

⁹ Lis departman AKA vizite ak detay aktivite yo sou sit Akademi an : www.akademikreyol.net

Nan kad pwotokòl akò AKA ak UNESCO, Akademi Kreyòl akonpaye UNESCO nan pwodiksyon de (2) tradiksyon liv edikatif nan lang kreyòl: *Devlopman dirak ak pwoblèn sitwayen / Jesyon Ris ak Desas*. Dokiman sa yo tounen zouti pou pwofesè kreyòl nan Nouvo Segondè.

2- Lis tèm Akademi Kreyòl Ayisyen itilize soti Oktòb 2015 rive Oktòb 2019

21 Fevriye	<i>Tèm Jounen Entènasyonal Lang matènèl</i>	28 Oktòb	<i>Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti kreyòl</i>
2015	-----	2015	<i>An nou travay pou tout sèvis vin jwenn nou nan lang nou !</i>
2016	<i>Lang nou se nou, pa gen sitwayen san lang !</i>	2016	<i>Mwa oktòb, mwa lang ak kilti kreyòl; Medam, an nou pote kole pou nou vanse ak lang nou !</i>
2017	<i>Lang nou se motè devlopman nou. An nou pote kole pou nou pwodui nan lang nou !</i>	2017	<i>Jèn yo, an nou sèvi ak lang nou tout kote san baboukèt !</i>
2018	<i>Lang manman nan edikasyon: wi. Aprann se konprann !</i>	2018	<i>Tankou tout lang, kreyòl gen règ li, an nou respekte yo !</i>
2019	<i>An nou travay pou kreyòl vin lang ofisyèl peyi a toutbon !</i>	2019	<i>An nou pratike lang kreyòl nou toupatou : nan pale, nan lekti ak ekriti !</i>

3- Akademi Kreyòl Ayisyen onore plizyè pèsonalite ki make lang kreyòl ayisyen an

Pèsonalite	Okazyon / Evènman	Dat
Radyo Tele Ginen Jounal Bon Nouvèl Sosyete Animasyon Kominikasyon Sosyal Frankétienn; Ekriyen	Selebrasyon Jounen Entènasyonal Lang ak kilti kreyòl	5 oktòb 2018
Georges CASTERA, Ekriyen Emile Celestin MEGGIE, Ekriyen	Seremoni Jounen Entènasyonal Lang Manman	21 fevriye 2018
Micheline Laudun DENIS, Mizisyèn ki ekri yon metòd an kreyòl pou timoun aprann mizik	Jounen Nasyonal timoun (10 jen 2018)	8 jen 2018
Daniel SINEUS ki fè memwa li an kreyòl (UEH) Lidya BRARFORD ki fè memwa li an kreyòl Duke University, USA Wisner BAGUIDY ki fè memwa li an kreyòl (UEH)	Jounen Entènasyonal Lang ak kilti kreyòl	Oktòb 2017
Odette Roy FOMBRUN, Akademisyèn, Istoryèn	100 ^e anivèsè	13 jen 2017
Yves DEJEAN, Lengwis, kreyolis	90 ^e anivèsè Pwofesè Yves Dejan	16 me 2017

Jean Pauris JEAN-BAPTISTE, Ekriven	80 ^e anivèsè	16 mas 2016
Fritz DESHOMMES, Vis Rektè Rechèch, UEH Adeline Magloire CHANCY, Akademisyèn Odette Roy FOMBRUN, Akademisyèn Yves DEJEAN, Lengwis, kreyolis	Seremoni Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti Kreyòl	oktòb 2015

4- Lis pwodiksyon AKA¹⁰

- Premye Rezolisyon sou Òtograf lang kreyòl ayisyen an ki gen uit (8) dispozisyon ladan li sou Alfabè kreyòl, Fòm pwonon, Siy ponktiyasyon, Òtograf non pwòp ak kolaborasyon MENFP (Jen 2017);
- Rezolisyon ki soti nan Fowòm AKA ak Responsab Inivèsite yo pou entegrasyon kominikasyon kreyòl nan kourikoulòm tout fakilte yo ak kolaborasyon Rektora UEH (Oktòb 2015);
- Rezolisyon ki soti nan fowòm ak aktè edikasyon yo pou kondane vyolans sou timoun paske yo ap pale kreyòl nan lekòl ak konkou MENFP, Asosyasyon ki ap travay ak timoun, Asosyasyon pwofesè (Septanm 2016) ;
- Piblikasyon liv *“100 kesyon pou AKA”*. Se yon konpilasyon 100 kesyon-repons ki soti nan diferan konferans AKA òganize nan peyi a (Fevriye 2018);
- Gid pou Rekritman nouvo Akademisyen ak manm Konsèy Konsiltatif (Jiyè 2017);
- Pozisyon ak agimantè Akademi Kreyòl Ayisyen sou « **Plan Decennal d’Éducation et de Formation 2017-2027** » (Me 2018) ;
- Agimantè Akademi Kreyòl Ayisyen pou reyentegrasyon Kominikasyon kreyòl nan egzamen ofisyèl Nouvo Segondè IV **Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl** (Janvyè 2019).
- Tèm referans pou estriktire travay komisyon teknik yo.(Out 2019)

Anplis, Akademi Kreyòl Ayisyen akonpaye Chanm Depite Repiblik la nan pwodiksyon Dokiman Amanman Konstitisyon an nan lang kreyòl « *Sa nasyon an panse!*» Konsa tou li akonpaye Senatè Patrice Dumont nan revizyon lengwistik pwojè Lwa sou Espò ak edikasyon fizik li prepare.

¹⁰ Tout piblikasyon sa yo sou sit Akademi an.

V- Misyon ak reyalizasyon Direksyon yo nan Sekretarya Egzekitif la

Direksyon syantifik AKA responsab rechèch ak pwojè akademi an. Manm DS lan gen misyon pou yo prepare nòt konsepsyon aktivite yo, ansanm ak kad lojik pwojè Akademi an ap devlope. Manm DS yo travay revizyon lengwistik dokiman Akademi an, yo travay an kolaborasyon avèk Komisyon syantifik oswa Komisyon Edikasyon Akademisyen yo.

1.- Aktivite Direksyon syantifik AKA

Direksyon syantifik AKA responsab rechèch ak pwojè Akademi an. Manm DS lan gen misyon pou li prepare nòt konsepsyon aktivite yo, ansanm ak kad lojik pwojè Akademi an ap devlope. Manm DS yo travay revizyon lengwistik dokiman Akademi an, yo travay an kolaborasyon avèk Komisyon syantifik oswa Komisyon Edikasyon Akademisyen yo. Manm DS yo patisipe nan atelye teknik yo epi yo redije rapò atelye yo.

Prensipal reyalizasyon Direksyon Syantifik la:

- *Pwojè rechèch global sou sitiyasyon sosyo lengwistik kreyòl an Ayiti (2016-2017)*
- *Pwojè PWODIKSYON DIKSYONÈ KREYÒL tèminoloji jiridik / PIP¹¹ (2016);*
- *Pwojè Revi Syantifik AKA, (2016);*
- *Pwojè Gran diksyonè lang kreyòl Ayisyen (2018);*
- *Pwojè konkou pwodiksyon liv lekti pou jèn / Literati pou jèn moun (2015);*
- *Redaksyon atik pou piblikasyon nan diferan sikonstans;(2015 -2019) ;*
- *Tèm referans ak preparasyon pou fòmasyon anplwaye, Journalis, pwofesè kreyòl (2016);*
- *Planifikasyon atelye pou òtograf lang kreyòl la ak redaksyon rapò atelye yo (2015 – 2019);*
- *Nòt konseptyèl pou « Espas Refleksyon Akademisyen » (2016 -2019) ;*
- *Preparasyon rapò anyèl direksyon an (2019);*
- *Pwojè Kòlòk Entènasyonal Lang Kreyòl Ayisyen(2019).*

¹¹ Pwojè Diksyonè jiridik la anrejistre nan Pwogram Envestisman Piblik (PIP) Ministè Planifikasyon depi 2016 men akòz bidjè a pa janm vote, AKA pa ka reyalize li.

2- Aktivite Direksyon Kominikasyon AKA

Direksyon Kominikasyon (DK) responsab vizibilite enstitisyon an pou tout aktivite ak pwogram ki ap fèt nan akademi an. Direksyon Kominikasyon Akademi jere sit wèb AKA ak diferan rezo sosyal akademi an. Manm DK responsab planifikasyon selebrasyon Lang matènèl, lang ak kilti kreyòl ak tout lòt aktivite Akademi an ap òganize.

Prensipal reyalizasyon Direksyon Kominikasyon an:

- *Preparasyon Bilten enfòmasyon AKA. AKA deja reyalize (6) bilten;*
- *Tèm referans ak planifikasyon Selebrasyon Lang matènèl / Lang ak Kilti kreyòl nan Pòtoprens tankou nan pwovens;*
- *Planifikasyon emisyon AKA nan radyo ak nan televizyon;*
- *Preparasyon Pwotokòl Akò AKA ak lòt enstitisyon. AKA deja siyen pwotokòl avèk MENFP, UNESCO, UNDH. Li prepare akò ki poko siyen pou Ministè Kilti ak Kominikasyon, CEFOFACOP, UEH, TNH ...*
- *Tèm referans pou kou kominikasyon kreyòl nan TNH;*
- *Rapò aktivite AKA, rapò rankont AKA ak lòt enstitisyon;*
- *Pwopozisyon diskou ak mesaj pou Akademi an pou tout sikonstans;*
- *Reyalizasyon repòtaj, foto, videyo ak dokimantè pou Akademi an;*
- *Akonpayman estajye Inivèsite UNDH nan Direksyon Kominikasyon.*

3- Aktivite Direksyon Administrasyon AKA



Direksyon Administrasyon (DA) responsab sèvis kontablite ak sèvis administratif AKA. Li jere tout dosye sèvis piblik ak founisè sèvis pou biwo a. Li jere dosye administratif pèsonèl AKA. Li prepare pwojè bidjè Akademi an epi kontwòle depans biwo a. Li jere acha materyèl, ekipman ak founiti pou biwo a. Li prepare rekizisyon, Memorandòm pou tout depans biwo a.

Direksyon Administratif asire bon fonksyònman aparèy elektwonik ak machin Akademi an. Li responsab suivi dosye AKA nan Ministè Ekonomi ak Finans.

4- Ekzekisyon bidjè AKA 2014 – 2019

Alineya	2014-2015	2015-2016	2016-2017	2017-2018	2018-2019	2019-2020
1- Trètman ak Salè	5 841 611,87	13 532 658,00	15 032 658,00	20 063 808,00	15 406 855,70	17 406 858,99
110- Pèman salè / Fonksyonè	927 700,00	8 166 000,00	8 982 000,00	14 641 380,00	7 802 200,00	7 639 200,00
114- Pèman salè / Lòt kontraktiyèl	409 000,00	0,00	0,00	0,00	0,00	0,00
117- Pèman salè / Estajyè	75 000,00	0,00	0,00	0,00	0,00	0,00
119- Pèman salè / Kontraktiyèl	2 038 800,00	1 460 000,00	936000	1 012 464,00	3 182 412,00	3 370 100,00
120- Endamnite fonksyon / Fonksyonè	65 700,00	1 054 066,65	1 126 000,00	1 125 996,00	600 399,96	600 400,00
122- Endamnite fonksyon / Gran Komi nan Leta	200 000,00	25 000,00	0,00	0,00	0,00	0,00
129- Endamnite fonksyon / Kontraktiyèl	0,00	0,00	0,00	262 800,00	262 799,99	262 800,00
130- Pèman pou travay ki fèt apre lè biwo/ Fonksyonè	0,00	63 400,00	75 000,00	94 992,00	72 494,76	254 000,00
139- Pèman pou travay ki fèt apre lè biwo/ Kontraktiyèl	0,00	30 000,00	45 000,00	27 000,00	13 306,25	30 000,00
140- Prim divès / Fonksyonè	179 999,99	769 466,66	1 190 750,00	800 496,00	86 492,06	382 000,00
147- Prim divès / Fonksyonè/Stajyè	0,00	15 000,00	0,00	0,00	0,00	0,00
149- Prim divès / Prim pou Akademisyen	1 543 599,95	1 455 000,00	1 377 000,00	1 302 000,00	1 656 500,00	2 124 000,00
160- Boni / Fonksyonè	0,00	77 308,34	748 500,00	675 024,00	640 308,32	636 600,00
169- Boni / Kontraktiyèl	0,00	203 983,33	78 000,00	121 656,00	135 050,66	257 700,70
180- Trètman an nati	401 811,93	213 433,02	474 408,00		2 954 894,29	1 850 058,29
2- Sèvis de baz	8 389 587,55	8 498 541,96	9 998 541,96	14 967 392,00	19 624 344,30	17 624 341,01
200-Kat telefòn	575 025,00	875 025,00	120 000,00	795 254,00	784 254,00	
Pèman entènèt (Natcom)	1 200 121,00	1 899 520,00	1 271 520,00	1 500 780,00	1 850 080,00	
Acha Klimatizè ak ekipman elektronik	0,00	0,00	90 000,00	1 406 604,21	0,00	
202- Abònman dlo/ Kamyon dlo/ dlo potab	0,00	0,00	150 000,00	0,00	0,00	
203- Elekrisite	0,00	124 321,00	60 000,00	128 782,00	185 964,00	
240- Lwaye Kay plis aménagement	851 400,00	1 247 000,00	2 688 000,00	2 898 000,00	3 073 980,00	
292- Lòt kalite depans (pwòpte, abònman jounal,...)	0,00	0,00	50 000,00	65 750,00	1 248 795,00	
299- Ti kès	1 161 616,66	462 000,00	450 000,00	1 067 210,00	1 067 210,00	
Depans pou Direksyon Kominikasyon	0,00	0,00	0,00	40 602,99	1 447 151,20	
312-Gazolin pou machin	780 450,00	980 450,00	1 000 000,00	1 201 236,00	1 785 631,00	
Gazolin ak Sevis pou generatris	798 000,00	250 000,00	250 000,00	352 012,00		
300- Founiti biwo	452 789,00	385 013,00	300 000,00	428 975,00	758 964,00	
Aparèy pou rezo enfomatik sistèm finans	0,00	0,00	1 000 000,00	0,00	0,00	
Depans pou Pwojè	0,00	2 257 801,00	1 637 056,96	3 775 973,00	2 784 503,00	
304-Founiti pou materyèl transpò/sèvis machin	1 788 500,00	17 411,96	200 000,00	450 025,00	678 523,00	
Pèdiyèm	127 500,00			356 187,80	575 632,00	
Gratifikasyon	423 560,00			500 000,00	756 000,00	
Restorasyon	230 625,89				472 589,00	
Montan ki pa depanse			731 965,00		2 155 068,10	
Total	14 231 199,42	22 031 199,96	25 031 199,96	35 031 200,00	35 031 200,00	35 031 200,00

Alineya	2014-15	2015-16	2016-17	2017-18	2018-19	2019-20 *
1- Trètman ak Salè	5 841 611,87	13 532 658,00	15 032 658,00	20 063 808,00	15 406 855,70	17 406 858,99
2- Sèvis de baz	8 389 587,55	8 498 541,96	9 998 541,96	14 967 392,00	19 624 344,30	17 624 340,70
Total	14 231 199,42	22 031 199,96	25 031 199,96	35 031 200,00	35 031 200,00	35 031 199,69



Anplis bidjè sou Trezò piblik, AKA benefisye sibvansyon estèn sitou nan okazyon selebrasyon Lang Matènèl ak selebrasyon Lang ak Kilti kreyòl

Tablo depans yo nan rapò anyèl yo.

- MENFP, 2015 / de milyon goud pou revizyon òtograf lang kreyòl;
- UNESCO, 2016@2019 / \$19,000 pou tradiksyon 2 liv an kreyòl ak selebrasyon fev. / okt.;
- Kopivit Aksyon Sosyal, 2016 / 25,000 goud pou selebrasyon mwa lang ak kilti kreyòl;
- Fondasyon Odette R, Fombrun, 2016 / 18,000 g pou selebrasyon mwa lang kreyòl ;
- Jounal Bon Nouvèl, 2016 / 5,000 g pou selebrasyon mwa lang kreyòl ;
- Sosyete Koukouy, 2016 / \$ 200 pou selebrasyon mwa lang kreyòl ;
- Sibvansyon Akademisyèn Adeline M. Chancy, 2018 / \$ 200 selebrasyon mwa lang kreyòl;
- Sibvansyon Akademisyèn Hyppolite, Bellegarde, Vilsaint, 2019 / \$300 pou lokal atelye ;
- Sibvansyon Akad. Marky Jean-Pierre \$5.95 chak mwa pou frè Entènèt akademikreyòl.net ;
- Sibvansyon BRH, 2019 /300 mil goud pou vwayay Akademisyèn nan kad mwa lang kreyòl.

VI.- Rekritman, pwomosyon, fòmasyon anplwaye AKA

1- Rekritman ak anbochaj anplwaye AKA

- Premye nominasyon KAd la fè (Janvye 2015), se nominasyon Sekretè Egzekitif Akademi an. KAD la chwazi Madam Luna Gourgue kòm Sekretè egzekitif sou baz esperyans li fè nan plizyè enstitisyon (prive, piblik, ONG) nan pòs direksyon ak esperyans travay li fè kòm Chaje Misyon nan UEH kote li jwe wòl Sekretè Egzekitif Komite pou tabli Akademi Kreyòl Ayisyen an pandan twa (3) lane (2012-2014) anplis Etid nivo 2^{èm} sik Inivèsite li fè an Ayiti ak nan peyi etranje. Dapre lèt nominasyon an, KAd la enskri anbochaj Madam Gourgue nan yon kontèks pwomosyon pwofesyonèl anplis fòmasyon li ak esperyans li.

- A pati Fevriye 2015 rive nan 2019, rekritman tout lòt anplwaye yo soti nan apèl piblik sou Jounal sou kont face book AKA, ki fikse kalifikasyon kandida a. AKA resevwa plizyè dosye kandida. Sekretè Egzekitif la triye 3 dosye pami meye pwofil kandida yo pou antrevi. Se manm KAD la avèk Sekretè Egzekitif la ki evalye Kandida yo epi chwazi sila ki pou anplwaye AKA pou chak pòs yo. Chak anplwaye AKA resevwa yon lèt nominasyon ak yon Deskripsyon travay li.

- AKA gen trant (30) anplwaye an tou pou egzèsis 2018-2019 la. Pou peryòd 2015-2019 la, AKA anrejistre 39 anplwaye. Gen kat (4) anplwaye ki kite pou rezon pèsonèl, kat (4) kontra pou yon ane ki boukle e ki pa renouvle epi gen yon anplwaye ki pran yon konje pou yon (1) lane pou Etid pèsonèl li, anplwaye sa a pa mande reyentegrasyon li nan delè Lalwa fikse a. AKA pa fè okenn revokasyon pou peryòd la.

2- Pwomosyon anplwaye AKA

- Akademi Kreyòl Ayisyen aplike griy salaryal Ministè Finans ak prensip administratif OMRH prevwa pou fonksyon piblik la. Men chak ane gen anplwaye ki benefisye pwomosyon entèn ki mache ak yon ajisteman salè pou pòs la, dapre griy salaryal la. Pwomosyon yo vini souvan apre nouvo etid anplwaye yo fè ki pou rann li pi pèfoman nan travay li. Pandan senk premye ane yo, plizyè anplwaye AKA rive benefisye yon pwomosyon ak ajisteman salè.

- Pwomosyon pwofesyonèl ak ajisteman salè ki te fèt nan mwa oktòb 2018 la pa janm rive aplike akòz bidjè a pa janm vote depi de (2) lane. Depi 2017, sou baz yon desizyon Konsèy Administrasyon an, dapre prensip Administrasyon piblik la, AKA mete sou yon sipò finansye pou anplwaye yo ki varye ant 1/3 oswa ¼ sale anplwaye a. Anplwaye yo resevwa sipò sa a chak trimès pou konpanse chète lavi a annatandan Leta fè ogmantasyon sou griy salè a.

3- Fòmasyon anplwaye AKA

Sòti 2015 pou rive 2019, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) reyalize twa (3) seyans fòmasyon pou anplwaye li yo.

- Premye seyans fòmasyon nan Pyè Payen (Lokal Mesye ak Madam Saint-Natus) vandredi 20 ak samdi 21 out 2015.

Pwogram : *Istorik ak Misyon AKA, Lwa kreyasyon AKA*, Madam Luna Gourgue / *Etik ak Deyontoloji pwofesyonèl*, Madam Lucka Beauvil / *Fonksyon piblik an Ayiti*, Mesye Fritz Ulysse / *Premye prensip lang kreyòl*, Prezidan Akademi an, Pastè Pauris Jean-Baptiste.

- Dezyèm seyans Fòmasyon nan biwo Akademi an, 13 avril ak 21 avril 2017

Pwogram : *Prensip administratif ak etik pwofesyonèl*, Mesye Elie Jean Philippe (OMRH) / *Fòmasyon sou prensip kominikasyon kreyòl (Rezolisyon Akademisyen)*, Akademisyèn Rodny Laurent Esteus.

- Twazyèm seyans fòmasyon, nan otèl Kaliko Beach 22-23 avril 2017.

Pwogram : *Prensip kominikasyon administratif ak fòmalizasyon diskou kreyòl*, Pwofesè Louinès Volny (FLA), *Atelye sou prensip administratif ak etik pwofesyonèl*, Mm Gourgue.

Anplis fòmasyon AKA administre yo, anplwaye AKA patisipe nan fòmasyon CEFOPAFOP òganize nan Primati. Gen anplwaye tou ki benefisyè Konje Etid: Luna Gourgue, konje 3 mwa (Me - jiyè 2019) pou kou angle nan Inivèsite New Orleans, USA / Madam Midline Jules-Saint, 6 mwa (Nov. 19 - Avril 20) pou koumanse yon Doktora an Lengwistik nan peyi Lafrans.

VII.- Difikilte AKA rankontre pandan senk lane yo

Senk premye AKA yo pa te fasil. Anpil difikilte te bare chimen Akademi an menmsi AKA, nan ansanm travay li reyalize yo, li jwenn satisfaksyon pa rapòt ak enterè popilasyon nan jan li resevwa misyon li yo. Konsa li enpòtan pou AKA klase difikilte yo sou plizyè ang.

1- Sou plan enstitisyonèl

Prensipal difikilte AKA soti nan Bidjè Akademi an ki twò fèb alòs li se yon enstitisyon ki gen gwo responsablite pou kesyon kominikasyon kreyòl nan peyi a. AKA ap jwe yon wòl transvèsal kote li ap travay nan plizyè domèn ak plizyè sektè. Chak ane, AKA gen gwo difikilte pou li reyalize pwogram li. Lòt difikilte vini akòz lokal la twò pito pou Akademi an. AKA pa ka òganize ni Asanble Jeneral, ni atelye travay komisyon Akademisyen yo nan biwo a ki pa gen espas apwopriye pou sa. AKA bezwen yon pi gran espas pou tout seksyon ak direksyon li yo.

Akoz bidjè nasyonal peyi a ki pa vote, AKA pa ka benefisye ogmantasyon li te jwenn depi nan ane 2018 kote bidjè li te dwe pase ak karant milyon goud ; sa lakòz tou Pwojè Diksyonè tèminolojik jiridik li te nan Pwogram Envestisman Piblik nan Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Estèn, pa ka reyalize.

Anplis, AKA pa ka gen gen yon Direktè syantifik akoz salè Akademi an pwopoze, sou baz griy Ministè Finans la, twò ba pou nivo akademik DS la. Toutotan AKA pa ka rivalize avèk salè Pwofesè Inivèsite ki gen tan plen ak wo nivo akademik, li ap difisil pou AKA jwenn DS li bezwen an. Pou kontoune pwoblèm nan, AKA blije angaje yon pwofesè a tan pasyèl kòm konsiltan. Men sa poze lòt pwoblèm administratif paske anpil fwa anplwaye yo pa la, sa lakoz tou li manke sou sipèvizyon manm direksyon li a.

2- Sou plan kiltirèl

Selon Lwa kreyasyon Akademi an, AKA gen karaktè syantifik, admininratif ak kiltirèl. Men Akademi an pa twò esplwate aspè kiltirèl la. AKA pa gen espas rekreyasyon, atraksyon pou animasyon kiltirèl. Nan misyon AKA pou valorize lang kreyòl ayisyen an, AKA pa rive fè pwomosyon pwodiksyon powetik ak teyak nan lang kreyòl. Poutan li enpòtan pou AKA fè pwomosyon literati peyi a nan espresyon kreyòl li epi ankouraje pwodiksyon kreyòl.

3- Sou plan lojistik

Akademi Kreyòl Ayisyen pa gen ase materyèl pou li fonksyone kòmsadwa. Manke Espas, manke konfò nan sèten biwo, manke telefòn, klimatizè, klasè ... AKA manke machin pou deplasman anplwaye ak Akademisyen pou misyon Akademi an. AKA bezwen yon moto pou deplasman mesaje Akademi an.

Toujou sou plan lojistik AKA manke Òdinatè ki gen bon kapasite pou kantite travay grafik Akademi an ap pwodui nan Direksyon kominikasyon ak lojisye espesyalize pou tretman baz done syantifik pou Direksyon syantifik la. Sèvis kontablite AKA manke materyèl ak aparèy pou klasman dosye administratif yo. Anplis, sèvis la manke anplwaye.

4- Pwen ki parèt pi fèb yo

Prensipal feblès AKA lyannen ak kesyon ekonomik li:

- Mankman nan materyèl ak ekipman;
- Mankman nan reyalizasyon pwojè ak aktivite li yo;
- Mankman nan pèsònèl ; / Espas lokal ki pa apwopriye.

5- Pwen ki parèt pi fò yo

Popilasyon ayisyen an resevwa AKA avèk anpil enterè. Yo rekonèt byenfonde enstitisyon an, yo akeyi konferans, kozri, emisyon li yo avèk kè kontan kote yo poze anpil kesyon, yo bay remak yo genyen sou wòl Akademi an dwe jwe nan sosyete a. Kit se nan Pòtoprens, nan pwovens, nan diaspora a, aktivite AKA yo toujou gen anpil patisipan.

Rezo sosyal yo (face book, twiter, sit wèb) pote anpil siksè kote chak jou ap gen pi plis vizitè. Depi Bilten enfòmasyon an pibliye, AKA resevwa plizyè demann nan lekòl ak nan Inivèsite. Kòm AKA pa gen mwayen pou li enprime plis bilten, li koumanse distribiye li sou imel, sitou pou manm komite rejyonal yo ak pou Asosyasyon pwofesè kreyòl nan plizyè departman.

VIII.- Pèspektiv pou pwochen ane yo : Defi, Vizyon, Pwojè

Aprè peryòd « TRAVAY POU SANSIBILIZASYON EPI PWOMOSYON LANG KREYÒL LA AK DWA LENGWISTIK TOUT AYISYEN ! », Akademi Kreyòl Ayisyen fikse nouvo priyorite pou senk lane ki ap vini yo (2020 - 2025) « **TRAVAY POU APLIKASYON REYÈL KONSTITISYON AN KI KANPE KREYÒL KÒM LANG OFISYÈL, E SITOU, KÒM SÈL LANG KI SIMANTE TOUT AYISYEN YOUN AK LÒT!** » Sa vle di AKA pral travay pou li akonpaye enstitisyon peyi a pou yo respekte Lalwa ki mande pou dokiman peyi a nan lang kreyòl. AKA pral ankouraje pwodiksyon liv referans nan lang kreyòl. Konsa, AKA genyen anpil pwojè ki ale nan sans objektif li bay tèt li. Li antann reyalize yo oswa koumanse reyalize yo nan senk (5) ane k ap vini yo. Gen pwojè ki deja an chantye, gen lòt k ap pran yon titan tankou genyen k ap pran plis tan pou yo reyalize yo.

Men lis kèk pami pwojè AKA konte reyalize yo :

1. Dezyèm Rezolisyon sou òtograf lang kreyòl la espesyalman òtograf gramatikal, òtograf chif ki ekri an lèt, òtograf mo konpoze (2020)
2. Twazyèm Rezolisyon sou òtograf lang kreyòl : Sentaks kreyòl (2022)
3. Amanman Lwa kreyasyon Akademi an ;
4. Reyalizasyon Gran Pri Literè Akademi Kreyòl Ayisyen. Pri sa a dwe rekonpanse yon piblikasyon ki kapab yon Rekèy Pwezi, yon Woman, yon Kont oubyen yon Nouvèl;
5. Pwogram Jeni kreyòl sou Televizyon Nasyonal Ayiti;
6. Reyalizasyon Kou kreyòl a distans sou Televizyon Nasyonal Ayiti ak lòt medya;
7. Piblikasyon Premye Diksyonè Tèminolojik Jiridik an kreyòl;
8. Piblikasyon Gran diksyonè Lang kreyòl ayisyen;

9. Reyalizasyon Plan Batiman AKA pou yon Kanpis sou teren Akademi an genyen nan Mònblan, nan Komin Gonayiv;
10. Ankèt nasyonal sosyolengwistik pou detèmine izay lang kreyòl nan popilasyon an nan tout domèn, nan tout sektè.
11. Reyalizasyon Seminè Lekti ak Ekriti kreyòl pou plizyè sektè sosyopwofesyonèl;
12. Akonpayman Ministè yo, Palman Repiblik la, Sistèm Jistis, Sistèm Edikasyon pou yon aplikasyon reyèl Konstitisyon peyi a ki pou amelyore komunikasyon kreyòl nan enstitisyon yo ak nan sosyete a.

KONKLIZYON

An konklizon, Sekretarya Egzekitif note AKA reyalize vizyon li te bay tèt li pou senk (5) premye lane yo. Sosyete a pi byen konprann enpòtans lang kreyòl kòm lang nasyonal, lang ofisyèl. Popilasyon an sènen Misyon Akademi Kreyòl Ayisyen ki se egzijans Konstitisyon peyi a. Anpil enstitisyon (prive kou piblik) mete dokiman yo an kreyòl pou sèvi popilasyon an; anpil aktivite tankou pwogram fòmasyon, pwogram sansibilizasyon nan radyo ak nan televizyon ap fèt nan lang kreyòl. Anpil ONG ap tradui dokiman yo nan lang kreyòl.

Anpil fwa; Akademi an resevwa lèt ki soti nan enstitisyon, Leta kou prive, pou salye travay Akademi an nan popilasyon an, oswa pou mande Akademi an sipò ak konkou li pou pwodiksyon yo ap fè nan lang kreyòl pou devlopman dirab. Ministè Kilti ak Kominikasyon rezève nan bidjè li yon liy pou selebrasyon Jounen Lang ak kilti kreyòl. Nan Inivèsite Leta kou prive, plis etidyan ap fè memwa yo nan lang kreyòl. Akademi an (oswa Akademisyen yo) resevwa anpil envitasyon ki soti nan lekòl, nan asosyasyon kiltirèl oswa nan òganizasyon sosyal yo pou anime konferans sou lang kreyòl, sou Akademi kreyòl, sou dwa lengwistik ak kiltirèl.

Akademi Kreyòl Ayisyen ap pwofite remèsye tout Akademisyen, tout Konseye Konsiltatif, tout Anplwaye AKA, tout enstitisyon patnè AKA, UNESCO, pou bonjan sipò yo te pote nan reyalizasyon aktivite ak pwojè Akademis an. AKA pare pou li resevwa tout kòmantè ak remak ki pou pèmèt li amelyore pèfòmans li nan kad vansman li nan sosyete a.

Akademi Kreyòl Ayisyen rive fè wout pou libere lang kreyòl, ki se nanm popilasyon an.

Ansanm, an nou vanse pou nou kore devlopman lang popilasyon an nan lòd ak disiplin selon prensip lasyans, jan Konstitisyon peyi a mande sa !